Pou Piblikasyon Imedya: 12/1/2015 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO NOME AVOKA DISTRI WESTCHESTER JANET DIFIORE POU SÈVI KÓM JIJ ANCHÈF NAN TRIBINAL APÈL ETA NEW YORK

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te nome Avoka Distri Westchester Janet DiFiore pou travay tankou pwochen Jij anchèf nan Tribinal Apèl Eta New York – piwo tribinal Eta New York– ak chèf branch jidisyè a. Anplis de manda l preske 10-ane kòm Avoka Distri, DiFiore gen plizyè ane eksperyans alafwa kòm pwokirè ak jij, avèk yon vas konesans nan refòm jidisyè ak legal. Kòm Avoka Distri li jere tou yon biwo ki gen plis pase 230 moun.

"Janet DiFiore gen anpil kalifikasyon pou sèvi kòm Jij anchèf nan Tribinal Apèl Eta," **te deklare Gouvènè Cuomo.** "Li te travay alafwa kòm jij ak pwosekitè, e li te pase karyè l nan travay pou asire jistis ak ekite pou Nouyòkè yo. Li te dirije efò refòm enpòtan pou fè sistèm jistis nou an vin pi efikas ak efisyan, e mwen gen konfyans ke li pral kontinye lidèchip sa nan Tribinal Apèl la. Mwen fyè pou m nome Janet nan pozisyon sa, paske li gen yon balans eksperyans solid ke New York bezwen."

Gouvènè Cuomo te kontinye: "Mwen vle egalman remèsye Jij anchèf Jonathan Lippman pou ane sèvis angaje l nan Tribinal apèl, ansanm avèk ansyen Jij anchèf Judith Kaye ak manm yo nan Komisyon Nominasyon jidisyè pou travay yo nan rekòmande yon kantite potansyèl kandida kalifye ak eksperimante. Sa se te vrèman yon lis kandida eksepsyonèl."

Avoka Distri DiFiore te deklare: "Mwen onore pa onè enkwayab la dèske mwen jwenn nominasyon pou m travay kòm Jij anchèf Tribinal Apèl Eta New York. Lavi pwofesyonèl mwen te angaje nan administrasyon jistis ekitab, e mwen ta kontan pou m kontinye sèvis mwen pou moun New York nan piwo tribinal eta nou an. Mwen rekonesan a Gouvènè Cuomo pou nominasyon sa."

Si Sena Eta konfime l, DiFiore ta vin sèlman dezyèm fi ki jij anchèf nan istwa Eta New York. Premye – Jij anchèf Judith Kaye – te jwenn nominasyon nan men Gouvènè Mario Cuomo.

DiFiore te okipe yon kanitite pozisyon kòm Avoka Distri nan Konte Westchester depi janvye 2006, e kounye a lap sèvi twazyèm manda l kòm ofisye anchèf lapolis konte a. Pandan manda l kòm Avoka Distri, li te sible yon laj varyete krim ki te enplike tout bagay

apati vyolans ki gen rapò a gang pou rive a vòl idantite ak polisyon anviwonman an. Li genyen tou eksperyans konsiderab avèk kesyon vyolans domestik, e li te pran anchaj efò pou amelyore envestigasyon ak jere ka abi timoun. Byen bonè nan premye manda l, DiFiore te chwazi epi lanse Sant Entelijans Westchester, sa kap ede kowòdone resous ak pataj enfòmasyon pami ajans lapolis lokal, etal ak federal.

Anvan li te kòmanse premye manda l nan 2006, DiFiore te pase plis pase sizan sou ban tribinal lokal ak eta. Li te premye sèvi kòm yon Jij Tribinal nan Konte Westchester apati janvye 1999 pou rive a desanm 2002, e nan pita li te eli pou sèvi kòm yon Jij nan Tribinal Siprèm pou Tribinal Kriminèl nan Eta New York, 9yèm Distri jidisyè apati janvye 2003 pou rive a Me 2005. Pandan tan li sou ban an, DiFiore te prezide plis pase plizyè santèn ka sivil ak kriminèl sou yon laj varyete pwoblèm. Kòm yon Jij Sipèvizyon nan tribinal kriminèl eta, li te sipèvize yon restriktirasyon nan sistèm atribisyon ka yo nan fason pou ogmante efikasite ak reyalize premye eliminasyon nan tout dosye yo ki te annatant nan tout distri jidisyè eta. Anplis, pandan tan li sou ban DiFiore te enplike dirèkteman nan kreyasyon Tribinal pou Sante Mantal ak Ofansè Seksyèl, ansanm avèk enplemantasyon nouvo tribinal sou tretman dwòg ak vyolans domestik.

Anplis de responsabilite kòm Avoka Distri, DiFiore te ko-prezide Gwoup Travay Jistis Eta New York la depi 2009, dirije ka envestigasyon yo ki enplike kondanasyon enjistifye epi idantifye refòm ki pral anpeche pou kalite ka sa yo pa rive nan lavi. Li te nome nan pozisyon sa pa jij aktyèl anchèf la, Jonathan Lippman. Anplis, pandan premye manda l kòm Avoka Distri, li te pèsonèlman kondwi yon envestigasyon nan ka Jeffrey Deskovic, ke yo te rekonèt koupab nan fason ki enjistifye epi kondane kòm yon adolesan nan 1990 pou vyòl ak asasina. Anplis pou pwove inonsans Deskovic epi garanti liberasyon l nan prizon, envestigasyon DiFiore te lakoz nan konfesyon ak kondanasyon asasen aktyèl la.

DiFiore se yon ansyen prezidan Asosyasyon Avoka Distri Eta New York, e li te sèvi nan Komisyon Eta New York sou Jèn, Sekirite ak Jistis, ki rekòmande refòm administratif ak règlemantè ki gen rapò avèk pouswit ak anprizonman ofansè jèn delenkan yo, ansanm avèk Komisyon Konjwen nan Eta New York sou Etik Piblik kòm Prezidan l. Li te resevwa Bakaloreya l nan C.W. Post College, Long Island University ak yon Doktora nan St. John's University School of Law.

Sa a se senkyèm nominasyon Gouvènè Cuomo nan Tribinal Apèl Eta New York. Gouvènè Cuomo anvansa te nome Jij Sheila Abdus-Salaam ak Jij Jenny Rivera, ki te konfime nan 2013, ak Jij Leslie Stein ak Jij Eugene Fahey, ki te konfime nan 2015.

DiFiore te nome pou ranplase Jij anchèf Jonathan Lippman, ki pral retrete nan fen ane a.

###